



**CLIYAN OSWA KONPAYON**  
**EVALYASYON KOMINIKASYON**  
**AK**  
**DOSYE ÈD AK SÈVIS OKSILYÈ**

Pou chak dat sèvis la, se Anplwaye DCF yo oswa Founisè Sèvis Pasyan ki gen Kontra a ki dwe ranpli fòm sa a.

Rejon/Sikui/Enstitisyon:	Pwogram:	Sou-Seksyon:	
<input type="checkbox"/> Pasyan <input type="checkbox"/> Konparezon Non:	Dat:	Lè:	Nimewo Dosye:
<input type="checkbox"/> Soud <input type="checkbox"/> Mal pou Tande <input type="checkbox"/> Soud ak Vizyon Fèb oswa Avèg <input type="checkbox"/> Mal pou Tande ak Vizyon Fèb ak Avèg <input type="checkbox"/> Souf oswa Konpetans Limite nan lang Angle <input type="checkbox"/> Mal pou Tande ak Konpetans Limite nan lang Angle <input type="checkbox"/> Randevou ki Pwogramme <input type="checkbox"/> Randevou ki pa Pwogramme <input type="checkbox"/> Pa Prezante   Dat/Lè:			
Non Anplwaye ki Ranpli Fòm nan:			

**Seksyon 1: Evalyasyon Kominikasyon**

Premye    Re-evalyasyon    Randevou ki vini apre

Kapasite Kominikasyon Endivididyèl:

Kalite, Dire, ak Enpòtans Sitiyasyon Kominikasyon ki Prevwa (yo):

Plan kominikasyon pou Plizyè Vizit oswa pou Vizit Alontèm ki Fèt    Pa Konsène

Sitiyasyon Kominikasyon ki Enpòtan pou Èd    Sitiyasyon Kominikasyon ki pa Enpòtan pou Èd

Kantite Moun (yo) ki konsène avèk Kominikasyon:

Non (yo):

Sitiyasyon Sante Moun pou Moun k ap Chèche Sèvis Swen Sante:

**Seksyon 2: Èd /Sèvis Oksilyè ki Mande ak Sèvis ki Bay:**

Kalite Èd Oksilyè/Èd/Sèvis ki Bay la:

Entèprèt Langaj Siy:    Entèprèt Sètifye    Anplwaye Kalifye    Sèvis Entèprèt Delwen nan Videyo    Gwo Karaktè  
 Asistans pou Ranpli Fòm    Sèvis Relè nan Videyo    Relè Eta Florid    Dokiman Ekri    CART    Lòt:

Sitiyasyon Sèvis Entèprèt:    Lèt Rive a: \_\_\_\_\_    Te Satisfè Egzijans Pasyan    Te Satisfè Egzijans Anplwaye yo  
 Pa Prezante    Anilasyon

Èd oswa Sèvis Oksilyè Altènativ yo Ofri, tankou enfòmasyon sou CD oswa sou Diskèt, Aparèy Anrejistreman, Bray, Gwo Karaktè Dokiman ki Tradui:

Dat ak Lè yo Bay Sèvis La:

**Seksyon 3: Lòt Sèvis ki Nesesè**

Èske kominikasyon an te efikas?    Wi    Non   Si se non, tanpri eksplike pou kisa kominikasyon an pa t efikas?

Ki aksyon (yo) ki te pran pou asire kominikasyon ki efikas?

#### Seksyon 4: Notifikasyon Ajans pou Rekòmandasyon

Non Ajans ki Fè Rekòmandasyon:

Dat Rekòmandasyon:	Enfòmasyon yo Bay konsènan Bezwen Èd oswa Sèvis Oksilyè:
--------------------	--

#### Seksyon 5: Refi Depatman an pou Èd/Sèvis\*

Rezon ki Fè Yo pa Bay Èd Oksilyè oswa Sèvis la:

Desizyon Direktè Rejyonal/Administratè Sikui/Administratè Lopital oswa Reprezantan li oswa Founisè Sèvis Pasyan ki Gen Kontra oswa Reprezantan li pran pou bay Refi:

Dat Refi:	Lè Refi:
-----------	----------

\*Refi yo ta dwe sèlman bay pou komunikasyon ki pa enpòtan pou èd. Men, anplwaye yo dwe toujou asire komunikasyon efikas fèt nan kèlkeswa mwayen altènativ yo bay yo. Se Direktè Rejyonal/Administratè Sikui/Administratè Lopital oswa Reprezantan yo oswa Founisè Sèvis Pasyan ki Gen Kontra oswa Reprezantan sèlman ki kapab pran desizyon pou bay refi a.

#### Plan Kominikasyon pou Sèvis k ap Kontinye

Pandan premye evalyasyon an, oswa pandan re-evalyasyon an, si yo detèmine plizyè vizit oswa vizit alontèm ap nesesè, yo dwe fè yon Plan Kominikasyon. Yo dwe kontinye ofri sèvis yo pou Pasyan yo oswa pou Konpayon yo, pandan tout peryòd ospitalizasyon, rezidans, tretman alontèm, vizit annapre Pasyan an. Diskite avèk Pasyan an oswa Konpayon an mòd komunikasyon yo pito nan chak nan sitiyasyon komunikasyon kontini sa yo, epitou mete li nan plan dosye a. Lis ki annapre a pa konplè, epitou li pa endike yo pa lòt sitiyasyon komunikasyon yo ka jwenn. Al gade enstriksyon yo pou jwenn lòt eksplikasyon.

Admisyon/Entèvyou:

Medikal:

Dantè:

Sante Mantal:

Pwoteksyon ak Sekirite:

Pwogram:

Vwayaj Iwen Kanpis la:

Legal:

Sèvis Manje / Dyetetisyen

Siyati moun ki ranpli fòm nan:	Dat:
Siyati Pasyan an oswa Moun ki Akonpaye Li a:	Dat:

\*Yo dwe mete fòm sa a nan dosye pasyan an.

## **ENSTRIKSYON POU EVALYASYON KOMINIKASYON PASYAN/MOUN KI AKONPAYE LI AK DOSYE ÈD AK SÈVIS OKSILYÈ**

Objektif Evalyasyon Kominikasyon Moun ki Akonpaye Pasyan ak Dosye Èd ak Sèvis Oksilyè se pou facilite koleksyon ak kowòdinasyon èd ak sèvis oksilyè yo ofri pou Pasyan yo oswa pou Moun ki Akonpaye yo ki soud oswa ki mal pou tande. Li rekòmande pou moun nan oswa moun yo ki te deziyen an pou ranpli fòm nan vin abitye avèk sa ki nan fòm nan pou nou kapab idantifye bezwen Moun ki Akonpaye Pasyan nou yo san pwoblèm.

### **ANTÈT:**

**Yo dwe ranpli fòm nan pou chak Dat Sèvis.** Tout enfòmasyon yo fèt pou lizib. Ou fèt pou mete sou fòm nan tout enfòmasyon nou mande yo.

**Rejyon/Sikui/Enstitisyon:** Pa Egzanp:

- Si w ap travay nan Pensacola, ou ta ka antre: Northwest/Sikui 1;
- Si w ap travay nan Florida State Hospital, w ap antre: Nòdwès/Sikui 2/FSH. **Oswa**
- Si ou se yon founisè nan Rejyon Nòdwès, w ap antre: Rejyon Nòdwès/Nimewo Sikui/non Founisè

**Pwogram:**

- Pa egzanp: Sekirite Fanmi, ACCESS, Sante Mantal, elatriye.

**Sou-Seksyon:**

- Pa egzanp: Si Pwogram ou se ACCESS, sou-seksyon ou ka – Sant Apèl, Koupon pou Manje, Medicaid, elatriye.

**Ou dwe idantifye si moun w ap bay sèvis a se yon Pasyan oswa yon Moun ki akonpaye pasyan an.**

- Yon Pasyan se nenpòt moun k ap chèche jwenn oswa k ap resevwa sèvis nan Depatman an oswa nan Founisè Sèvis ki Gen Kontra li yo.
- Yon Konpayon se nenpòt moun ki soud ak mal pou tande epi ki kominiye avèk Depatman an oswa avèk nenpòt nan Founisè Sèvis ki Gen Kontra li sou non Pasyan an.

**Mete non yo, dat kontak la, ak nimewo dosye yo oswa idantifikatè yo:**

- Pa mete nimewo sekirite sosyal, dat nesans, nimewo lisans chofè, elatriye.

**Endike si moun nan: Tcheke yon kaz sèlman.**

- Soud oswa Mal pou Tande: Sa a se yon moun ki mal pou tande oswa ki pa tande ditou epi ki bezwen itilize èd oswa sèvis oksilyè.
- Souf oswa Fèb Vizyon oswa Avèg: Sa a se yon moun ki pa gen okenn pwoblèm vizyon.
- Mal pou tande ak Fèb Vizyon oswa Avèg, jan sa dekri anwo a.
- Soud ak Konpetans Limite nan lang Angle: Sa a se yon moun ki pa pale lang Angle, oswa ki gen konpetans limite pou li, pou pale, pou ekri oswa pou konprann lang Angle.
- Mal pou tande ak Konpetans Limite nan lang Angle, jan sa dekri anwo a.

**Idantifye si se yon randevou ki pwograme oswa si se yon randevou ki pa pwograme:**

- Randevou ki Pwograme – Dwe gen yon entèprèt sètifye ki disponib nan moman randevou ki pwograme a. Si entèprèt la pa prezante, anplwaye yo dwe pran kèlkeswa mezi adisyonèl ki nesesè pou pran yon entèprèt sètifye ki disponib pou Pasyan an oswa pou Konpayon an san pèdi tan, men nan okenn ka pa apre de (2) èdtan apre randevou ki pwograme a.
- Randevou ki Pa Pwograme – Nan sitiyasyon ijans yo, yo dwe mete yon entèprèt disponib san pèdi tan, men nan okenn ka pa apre de (2) èdtan ki vini apre lè Pasyan an oswa Konpayon an oswa anplwaye yo ap mande yon entèprèt, kèlkeswa sa ki anvan an. Si sitiyasyon an se pa yon ijans, anplwaye yo dwe ofri pou pran yon randevou

(epi pou bay yon entèprèt lè li nesesè pou komunikasyon efikas), jan sa ap nan avantaj Pasyan an oswa Konpayon an, omwen nan pwochen jou ouvrab la.

#### **Li trè enpòtan pou mete non anplwaye ki fè evalyasyon sa a.**

- Tanpri ekri an lèt detache oswa asire sa ou ekri alamen an parèt lizib.

#### **SEKSYON 1: EVALYASYON KOMINIKASYON:**

##### **Premye evalyasyon:**

- Tcheke kaz la si se yon premye evalyasyon.
- Premye evalyasyon yo fèt sou premye kontak avèk pasyan an oswa avèk konpayon an.

##### **Re-evalyasyon:**

- Tcheke kaz la si se yon re-evalyasyon.
- Sizoka komunikasyon an pa efikas, oswa si kalite komunikasyon an chanje anpil apre premye evalyasyon an, anplwaye yo dwe fè yon re-evalyasyon pou detèmine ki èd oswa sèvis oksilyè ki apwopriye.
- Sa dwe fèt, lè li posib, nan tèt ansanm avèk Pasyan an oswa avèk Konpayon an.

**Randevou Annapre:** Tcheke kaz ki apwopriye a.

##### **Kapasite Komunikasyon Endividyèl:**

- Toujou konsilte avèk Pasyan an oswa avèk Konpayon an lè li posib pou detèmine ki èd ak sèvis oksilyè apwopriye ki nesesè pou asire gen komunikasyon efikas.

##### **Kalite, Dire, ak Enpòtans Sitiyasyon Komunikasyon ki Prevwa (yo):**

- Evalyasyon an dwe konsidere kalite, dire, ak enpòtan komunikasyon an nan pwoblèm ak sitiayson komunikasyon ki prevwa yo.
- Yo ta dwe ranpli seksyon sa a avèk anpil detay, paske sa ap ede detèmine si komunikasyon enpòtan pou èd la oswa si li pa enpòtan pou èd la.
- Konsilte avèk pasyan an oswa avèk konpayon an kote li posib pou detèmine ki kalite èd oswa sèvis oksilyè ki nesesè pou asire gen komunikasyon efikas.
- Itilize enfòmasyon sa yo pou ede detèmine si plan komunikasyon nesesè.
- Ou ka mete fèy adisyonèl ki detaye enfòmasyon sa yo.

##### **Eta Sante oswa Enkyetid Medikal Endividyèl:**

- Pa itilize aparèy oswa ekipman elektwonik ki ka nuizib pou ekipman medikal oswa pou ekipman kontwòl oswa ki ka reprezante yon menas pou kondisyon medikal nenpòt Pasyan.
- Ou dwe bay mwayen altènatif pou komunikasyon efikas, epitou ou dwe prezante enfòmasyon sa yo sou fòm dokiman nan nouvo dosye medikal oswa nan dosye a.

#### **Ranpli yon Plan Komunikasyon pou plizyè vizit oswa pou vizit alontèm ki prevwa yo.**

- Anjeneral, yo itilize plan komunikasyon pou sèvis kontini nan Sant Tretman Sante Mantal, ak nan lòt Sant Sèvis Dirèk pou Pasyan kote pasyan yo ap viv pandan anpil peryòd tan ki long, oswa kote yo gen plizyè komunikasyon avèk anplwaye yo pou dire ak konpleksite divès, epi ki detèmine kòm **Sitiyasyon Komunikasyon ki pa Enpòtan pou Èd la.**
- Tèm **Sitiyasyon Komunikasyon ki pa Enpòtan pou Èd** dwe vle di nenpòt sikontans kote enpòtans, dire ak konpleksite enfòmasyon yo transmèt yo se sikontans pou yo ta dwe konsidere echanj enfòmasyon an pati yo kòm echanj ki **pa Enpòtan pou Èd la**, sa ki vle di yo dwe toujou ofri èd oswa sèvis oksilyè pasyan an mande a.
- Sitiyasyon komunikasyon yo ap diferan ant yon pwogram ak yon lòt pwogram, kidonk, w ap bezwen idantifye tout sitiayson kote w ap gen kontak avèk yon Pasyan oswa avèk yon Konpayon, epitou w ap devlope plan an sou fason w ap kominike avèk yo.

- Pandan vizit swivi yo oswa pandan swen alontèm nan, lòt demann Pasyan an oswa Konpayon an fè pou èd ak sèvis oksilyè pa nesesè, paske yo deja mete sa nan plan komunikasyon yo.
- Nan chak sitiyasyon ki mande yon Èd Oksilyè (**kit ki Enpòtan pou Èd la ki li pa Enpòtan pou Èd la**), ou dwe idantifye nan plan an **non ak tit moun ki responsab pou asire yo ofri èd oksilyè a**.
- Ou dwe bay tou yon deskripsyon enfòmasyon y ap kominike ba pasyan an oswa ba konpayon an.

**Egzanp:** Kalite Èd: Entèprèt ASL Objektif Èd: Klas GED – Enstriksyon sou preparasyon pwochen tès Moun ki responsab pou jwenn èd oksilyè: Anplwaye Jane, Responsab Dosye

- Nan pwochen tablo a, w ap wè yon lis sitiyasyon komunikasyon yo mete nan yon plan komunikasyon.
- Lis sa a pa yon lis konplè, epi li pa vle di pa gen lòt sitiyasyon komunikasyon ki ka **Enpòtan pou Èd la** nan yon anviwònman rezidansyèl oswa pandan vizit alontèm.
- Epitou, lis la pa vle di chak sitiyasyon komunikasyon ki nan lis **Enpòtan pou Èd la**. Kèk sitiyasyon komunikasyon ka pa reprezante yon **Sitiyasyon Kominikasyon ki pa Enpòtan pou Èd la**, kidonk, desizyon final sou kisa ki mezire pou pran rès yo avèk anplwaye DCF ak Founisè Sèvis ki gen Kontra avèk DCF depi yo bay konsiderasyon primè pou demann Pasyan an oswa Konpayon an, ak metòd yo chwazi a pèmèt vin gen komunikasyon ki efikas.

#### **Admisyon/Entèvyou:**

- Pandan Dispozisyon dwa yon Pasyan, konsantman reflechi, oswa pèmisyon pou tretman
- Pandan Detèminasyon kalifikasyon pou benefis leta pandan pwosesis admisyon ak revizyon, sof pandan y ap ranpli premye Aplikasyon pou Koupon pou Manje

#### **□ Medikal:**

- Detèminasyon .kondisyon medikal, kondisyon sikuatrik, kondisyon siko-sosyal, kondisyon nitrisyonèl, ak istwa oswa deskripsiyon fonksyonèl kondisyon, maladi oswa chòk yon Pasyan
- **Detèminasyon** ak eksplikasyon dyagnostik oswa pwonostik, ak kondisyon regilye yon Pasyan;
- **Eksplikasyon** pwosedì, tès, posiblite tretman, oswa operasyon
- **Eksplikasyon** medikaman doktè preskri yo, tankou dòz la, enstriksyon pou fason ak kilè pou pran medikaman an, efè segondè posib yo oswa entè-aksyon manje oswa medikaman
- **Diskisyon** sou plan tretman yo
- **Eksplikasyon** konsènan tretman swivi yo, terapi, rezulta tès ak gerizon
- **Pandan** vizit Enfimyè

#### **□ Dantè:**

- **Eksplikasyon** pwosedì, tès, posiblite tretman, oswa operasyon
- **Eksplikasyon** radyografi yo
- **Enstriksyon** sou antretyen pèsonèl, sètadi fason pou bwose dan, fason pou itilize fil dantè, elatriye.

#### **□ Sante Mantal:**

- **Reyalizasyon evalyasyon sikolojik oswa evalyasyon sikuatrik, terapi an gwoup oswa terapi endividyèl, konsèy ak lòt aktivite terapi, tankou, men pa sèlman konsèy sou chagren ak entèvansyon nan kriz**
- **Reyalizasyon** planifikasyon egzeyat ak enstriksyon sou egzeyat

#### **□ Pwoteksyon ak Sekirite:**

- **Kominikasyon** enfòmasyon enpòtan anvan oswa imedyatman ki posib apre yo fin mete yon moun nan restriksyon tankou, men pa sèlman, objektif pou itilize restriksyon ak kondisyon akote y ap retire restriksyon yo.
- **Kominikasyon** pwosedì pou ijans, egzèsis deplasman pou si gen dife, elatriye.

#### **□ Pwogram:**

- **Prezantasyon** klas edikasyonèl konsènan pwogram DCF yo ak/oswa lòt enfòmasyon ki asosye ak tretman ak plan jesyon dosye;

#### **□ Vwayaj Iwen Kanpis la ak Aktivite Lwazi:**

- Acha nan Sant Komèsyal
- Pak Tematik

**Legal:**

- **Pwosedি Tribunal**
- **Odyans Kontestasyon**
- **Pwosesis pou plent oswa pou doleyans**
- Ankèt yo fè nan sèvis pwoteksyon timoun ki gen ladan entèvyou, ak vizit/enspeksyon nan kay
- Ankèt yo fè nan sèvis pwoteksyon adilt ki gen ladan entèvyou, ak vizit/enspeksyon nan kay

**Sèvis Manje / Dyetetisyen**

- Diskisyon sou restriksyon manje ak preferans pou manje

## **SEKSYON 2: ÈD/SÈVIS OKSILYÈ KI MANDE AK SÈVIS KI BAY:**

- Prezante tout èd ak sèvis oksilyè yo mande ak bay sou fòm dokiman pou pasyan an
- Endike dat ak lè yo te bay sèvis la.
- Lè yon entèprèt pa vini, anplwaye yo dwe tcheke kaz la poutèt sa, epitou yo dwe prezante nan dokiman nan seksyon 3 a ki etap adisyonèl yo te fèt pou jwenn yon entèprèt, jan sa nesesè. Sa ka lakòz yo dwe mete yon/plizyè fèy adisyonèl nan fòm nan, pou prezante pwosesis sa a sou fòm dokiman.

### **Èd oswa Sèvis Oksilyè Altènatif yo Ofri:**

- Anplwaye yo ka itilize èd oswa sèvis oksilyè, nan sitiyasyon sa yo, ki pa yon lis egzanp konplè:
  - Pandan y ap tann pou yon entèprèt rive;
  - Pandan randevou oswa sitiyasyon ijan ki pa pwogramme;
  - Pandan sitiyasyon komunikasyon ki pa enpòtan pou èd la;
  - Pandan sitiyasyon ki ka reprezante yon menas pou kondisyon medikal pasyan an oswa konpayon an;
  - Lè yon pasyan oswa yon konpayon fè demann lan.

## **SEKSYON 3: LÒT SÈVIS KI NESESÈ:**

- Lè yo detèmine èd ak sèvis oksilyè yo bay la pa t efikas, anplwaye yo dwe fè yon re-evalyasyon bezwen komunikasyon an pou detèmine èd oksilyè altènatif ki apwopriye a.
- Lè anplwaye yo detèmine entèprèt la pa t satisfè atant yo oswa atant pasyan an oswa atant konpayon an, y ap prezante sa sou fòm dokiman nan seksyon sa a, epitou y ap endike ki etap adisyonèl anplwaye yo te pran.

## **SEKSYON 4: NOTIFIKASYON POU VOYE BA AJANS REKÒMANDASYON:**

- Bay avi davans pou ajans ki fè rekòmandasyon pou èd oswa sèvis oksilyè Pasyan an oswa Konpayon an mande a.
- Yo dwe prezante seksyon sa a sou fòm dokiman avèk yon deklarasyon ki endike anplwaye yo te voye notifikasyon ba ajans èd oswa sèvis oksilyè Pasyan an oswa Konpayon an mande a.

## **SEKSYON 5: REFI POU ÈD /SÈVIS OKSILYÈ:**

- Yo ta dwe bay yon refi pou yon èd ak sèvis oksilyè sèlman lè se yon komunikasyon **ki pa enpòtan pou èd la**.
- Anplwaye yo dwe toujou asire komunikasyon efikas fèt nan kèlkeswa mwayen altènatif yo bay yo.
- Anplwaye DCF yo ak Founisè ki Gen Kontra pou Ofri Pasyan yo Sèvis dwe bay yon rezon poutèt yo refize sèvis la.
- Se anplwaye deziyen yo sèlman ki kapab bay refi yo.
- Bay non ak tit moun nan ki pran desizyon pou bay refi a, ansanm avèk lè a ak dat la.

## **ANILASYON POU SÈVIS ENTÈPRÈT GRATIS**

- Si Pasyan an oswa Konpayon an refize òf DCF oswa Founisè ki gen Kontra avèk DCF pou ofri Pasyan yo Sèvis pou ba yo èd ak sèvis oksilyè gratis, anplwaye yo dwe ranpli ak eksplike yon fòm apwopriye ki endike metòd komunikasyon pasyan an oswa konpayon an pito.
- Anplwaye DCF yo oswa Founisè ki gen Kontra avèk DCF pou ofri Pasyan yo Sèvis dwe prepare yo pou jwenn èd oswa sèvis oksilyè apwopriye nan Sitiyasyon Kominikasyon ki pa Enpòtan pou Èd la; epitou yo dwe obsève ak asire èd oswa sèvis oksilyè Pasyan an oswa Konpayon an pito a se sèvis ak èd oksilyè ki efikas.

 Yo dwe mete fòm orijinal la nan dosye medikal oswa nan dosye Pasyan an. Yo dwe bay yon kopi fòm pou Single-Point-of-Contact (Sèl Pwen Kontak) oswa Kowòdonatè ADA/Seksyon 504 ki deziyen an, ansanm avèk yon kopi Demann korespondan pou Kominikasyon Gratis oswa pou Anilasyon Fòm Kominikasyon Gratis ak Rapò an rezime chak Mwa.

Lalwa Eta Florid egzije pou Depatman Timoun ak Fanmi ak Founisè ki gen Kontra pou Ofri Pasyan yo Sèvis ba èd ak sèvis oksilyè apwopriye kote li nesesè pou asire komunikasyon ki efikas avèk moun andikape yo. Men kék èd ak sèvis oksilyè ki ka genyen: langaj siy kalifye oswa entèprèt orijinal, moun k ap pran nòt, sèvis transkripsyon nan òdinatè nan tan reyèl, dokiman ekri, amplifikatè kombine telefòn, aparèy asiste pou odisyon, telefòn ki ka fonksyone avèk pwotèz oditif, dekodè sou-titraj, sou-titraj vizib kode, afichaj nan videoyo-tèks, ak TTY